

Komisyon Sèvis Piblik nan Eta New York (New York State Public Service Commission)

Dwa w antan yon Kliyan Konpayi Sèvis Enèji Deklarasyon Dwa Kliyan ESCO yo

Kliyan ka achte enèji nan men yon Konpayi Sèvis Enèji (ESCO, Energy Services Company) oswa nan men yon sèvis piblik tradisyonèl. Si w chwazi achte enèji nan men yon ESCO ou gen dwa pou:

- Jwenn yon deskripsyon klè sou sèvis ESCO a ofri yo.
- Resevwa livrezon enèji ak sèvis dijans 24 sou 24 nan men konpayi sèvis piblik ou an.
- Jwenn pwosedi klè pou chanje founisè enèji, ansanm ak enfòmasyon tou sou pwosesis pou w enskri.
- Yo kominike ba w nan langaj senp ak klè kondisyon jeneral ki nan kontra ant oumenm ak ESCO ki gen ladan:
 - pri ak tout chaj oswa frè ki ka chanje yo;
 - dire kontra a;
 - kondisyon pou renouvèlman kontra a;
 - pwosesis pou anile li ak nenpòt frè poutèt ou anile li anvan lè, ki gen limit dapre lalwa; ak
 - kondisyon, si genyen, kote ESCO a garanti ekonomi sou depans.
- Anile yon kontra avèk yon ESCO anvan twa jou fin pase apre w te resevwa kontra a, si w se yon kliyan rezidansyèl.
- Yon deskripsyon sou fason akò peman davans fonksyone si yo ofri sa.
- Avi nan men ESCO a sou kondisyon renouvèlman ak chwa ou genyen kòm kliyan; avi a pa dwe mwens pase trant jou anvan dat renouvèlman kontra a.
- Yon pwosesis san paspouki pou jwenn solisyon plent epi ki fèt alè.
- Jwenn nenpòt dokiman alekri (kontra yo, dokiman maketin ak Deklarasyon Dwa Kliyan ESCO sa a) nan menm lang lan ou te itilize pou enskri kòm kliyan.

Si w se yon kliyan rezidansyèl ou gen dwa tou pou jwenn dwa ak pwoteksyon dapre Home Energy Fair Practices Act (HEFPA, Lwa sou Pratik San patipri pou Enèji nan Kay) ki egzije yo trete tout kliyan sèvis piblik san paspouki nan sa ki gade aplikasyon pou sèvis, bòdwo kliyan ak pwosedi pou pote plent. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale nan www.dps.ny.gov/resright.html.

ESCO ki pa garanti dwa kliyan sa yo ka pèdi kalifikasyon yo pou bay sèvis nan New York. Tanpri fè rapò tout plent ba Depatman Sèvis Piblik la nan 1-800-342-3377 (8:30 am – 4:00 pm), pa lapòs nan (Biwo Sèvis Kliyan ki nan Depatman Sèvis Piblik Eta New York) Office of Consumer Services, NYS Department of Public Service, 3 Empire State Plaza, Albany, NY 12223, oswa sou entènèt nan <http://www.dps.ny.gov>.

Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou lòt chwa ou genyen pou enèji si w ale nan:
www.AskPSC.com